



## Lis pou Fanmi Tcheke: Administrasyon 'i-Ready Diagnostic' Lakay Pandan Lekòl Fèmen

### Aksyon nou Rekomande:

#### 1. Rezime

Bi dyagnostik sa a se pa pou bay elèv yon pwen oubyen nòt, men se pou detèmine plasman elèv yo pou pou n ka chwazi lesion 'i-Ready' ki pi apwopriye a e motive enstriksyon pwofesè yo.



Dyagnostik la pral:

- kòmanse nan nivo dyagnostik ki pi resan nou te plase elèv la.
- adapte selon repons elèv yo, e nou atann pou elèv yo reponn apeprè 50% kesyon yo kòrèk.
- disponib **8è dimaten–8è diswa, lendi rive vandredi**, pandan peryòd tan nou bay devwa a.

#### 2. Kòmanse

- Klike [la a](#) e gade vidéyo fanmi an** pou aprann plis sou Dyagnostik i-Ready a.
- Jwenn yon kote ki pezib pou elèv yo pran Dyagnostik la.**
- Detèmine yon tan pou elèv yo pran Dyagnostik la.** Nou pa kontwole lè pou Dyagnostik la. Nou sijere separe evalyasyon an nan plizyè ti sesyon kout: ~15 a 20 minit pou elèv (K-1) ki pi jèn yo e ~30 pou elèv ki pi gran yo. Nou rekòmande travay bonè nan jounen lè li posib.
- Rasanble papye ak kreyon pou rezoud pwoblèm.**




#### 3. Siveye Aktivman

- Ankouraje elèv yo** pandan yo ap pran evalyasyon an. Si ou remake yo vin fatige oubyen yo ap reponn kesyon yo vit, ofri ankourajman e sijere yo pran yon ti repo.
- Pa ede elèv yo reponn kesyon nan evalyasyon an**, paske sa ap lakoz nou fè move plasman nan lesion sou Entènèt yo.




## Konekte

- Konekte sou pòtal M-DCPS la.
- Elèv ap itilize non itilizatè ak modpas distri yo.




## Kòmanse Dyagnostik la

- Chwazi senbòl pou dyagnostik lekti oubyen matematik la.
- Gade vidyeo entwodiksyon an ki pral eksplike fòma egzamen an e bay meyè Pratik yo.
- Klike sou chak zouti entèraktif e eseye sèvi ak yo.



## Pandan Dyagnostik la

- Elèv yo dwe reponn kesyon yo yon fason endepandan.
- Fè pwoblèm matematik yo sou papye.
- Klike sourit òdinatè a sou senbòl 'speaker' yo lè yo disponib.
- Itilize ba pwogrè a pou ka wè pouvantaj ou konplete a.



## Aprè Dyagnostik la

- Asire elèv yo fè evalyasyon yo konplètman.
- Elèv yo ap resevwa yon mesaj felisitasyon e yo ap ka wè lesyon yo ki parèt sou ekran yo.
- Si w gen kesyon sou si elèv la fini evalyasyon an konplètman, konfime avèk pwofesè elèv la.

